

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Kamekaran jaman anu beuki maju sarta ayana arus moderénisasi jeung globalisasi, méré lolongkrang kana asupna budaya deungeun ka Indonésia sarta mawa pangaruh dina sagala widang, kaasup kana adat-istiadat jeung kabudayaan masarakat.

Masarakat jeung kabudayaan mangrupa dua hal nu teu bisa dipisahkeun. Ditilik tina sisi kabudayaan, kahirupan unggal manusa dina hiji masarakat bakal ngahasilkeun kabiasaan, adat-istiadat, nilai-nilai sosial, pola hubungan individu di masarakat nu mangrupa hiji aspék tina kabudayaan.

Dina ngajalankeun kahirupan, manusa moal bisa leupas tina kagiatan pendidikan, boh pendidikan dina wangun fisik atawa psikis. Pendidikan mangrupa sistem jeung cara ningkatkeun kualitas hirup manusa dina sagala aspék kahirupan manusa. Dina sajarah umat manusa, euweuh kelompok nu teu ngagunakeun pendidikan salaku alat pikeun ngabudayakeun jeung ngarojatkeun kualitasna. Pendidikan salaku tarékah nu dibutuhkeun pikeun ngawangun katurunan nu miboga peran dina mangsa nu bakal datang. Ku kituna, pendidikan mangrupa hiji budaya nu ngangkat harkat jeung martabat manusa saumur hirupna nu miboga kalungguhan nu peting nu bakal nangtukeun éksisténsi manusa.

Pendidikan jeung kabudayaan téh teu bisa dipisahkeun sarta mangrupa hiji gembengan pikeun kahirupan manusa. Pendidikan mangrupa kagiatan anu bisa ngaronjatkeun poténsi manusa sangkan mampu ngalaksanakeun pancénna, sabab ngan manusa anu bisa dididik jeung ngadidik. Kabudayaan tangtu loba pisan, sabab ngawengku kabiasaan masarakat anu nyekel éta budaya. Kitu deui bangsa Indonésia anu miboga rupa-rupa sélér bangsa, salah sahijina nya éta Sunda.

Dina kamekaranana pendidikan ngabutuhkeun peran kulawarga di jerona, lantaran kulawarga téh tempat mimitina manusa apal kana pendidikan. Kolot miboga

tanggung jawab pikeun ngadidik budakna sangkan hirup di jalan nu bener saluyu jeung nilai-moral-norma nu aya di lingkunganana. “*Ciri Sabumi Cara Sadesa*”, sakabéh masarakat miboga adat atawa norma kabiasaan séwang-séwangan, jeung biasana diturutan ku sakabéh anggota masarakatna.

Kiwari masih aya masarakat nu masih nyekel pageuh kana adat-istiadat karuhun, contona kahirupan masarakat Kampung Naga. Kampung Naga mangrupa kampung nu dicicingan ku sakelompok masarakat nu kuat dina ngajungjung luhur adat-istiadat, budaya, jeung kapercayaan titinggal karuhunna.

Sakabéh masarakat Kampung Naga ngagem ajaran agama Islam, ngan dina prakték kaagamanana loba diseselan ku ayana adat-istiadat jeung kapercayaan. Salian ti sababaraha upacara nu mangrupa ciri has kahirupan masarakat Kampung Naga, aya ogé sababaraha pantrangan (tabu).

Ku ayana kamekaran téhnologi, tétéla geus mangaruhan kana pola laku lampah manusa, nya munasabah ngabalukarkeun tradisi Sunda téh dina hiji waktu bisa tumpur. Salah sahiji tarékah nu bisa dilakukeun pikeun ngahontal éta tujuan nyaéta ngaliwatan pangajaran di sakola. Dumasar kana Standar Kompetensi jeung Kompetensi Dasar (SKKD) Basa Sunda taun 2006 di SMA diajarkeun perkara maca bahasan, kitu deui dina Kompetensi Inti jeung Kompetensi Dasar (KIKD) kurikulum 2013 diajarkeun ogé perkara maca éksposisi. Maca mangrupa salah sahiji aspék dina kaparigelan basa anu gunana pikeun narima informasi tinulis. Peran guru jeung siswa dina prosés pembelajaran kacida pentingna. Guru salaku subyék dina prosés pembelajaran mibanda pungsi strategis pikeun ngirut siswa sangkan kataji pikeun mikareueus, ngariksa jeung ngamumulé kabudayaan nu tujuanana sangkan mibanda sikep anu positip.

Kabudayaan deungeun babari asup sarta mangaruhan kana pola hirup masarakat, hususna kaum rumaja. Kurangna kasadaran masarakat, hususna kaum rumaja, salaku penerus pikeun mertahankeun tur nanjeurkeun adat budaya nusantara, hususna budaya Sunda, katambah kurangna perhatian ti pamaréntah, jadi titik

pamiangan panalungtik pikeun leuwih neuleuman kana sistem pewarisan pendidikan réligi nu aya di tatar Sunda hususna di Kampung Naga.

Panalungtikan ngeunaan kabudayaan Kampung Naga geus kungsi ditalungtik ku sababaraha panalungtik diantaranya panalungtikan ngeunaan *Ajén Éstétika dina Arsitéktur Imah Adat Kampung Naga Désa Néglasari Kacamatan Salawu Kabupatén Tasikmalaya pikeun Bahan Ajar Maca Artikel Budaya Kelas XII* (Dewi Kaniawati: 2013). Éta hal nu jadi salah sahiji tatapakan panalungtik pikeun medar *sistem pendidikan réligi masarakat Kampung Naga* anu dijadikeun alternatif bahan pangajaran maca di SMA. Nu ngabédakeun ieu panalungtikan jeung panalungtikan saméméhna nya éta panalungtik séjén ngan saukur nalungtik ngeunaan ajén éstetika imah adat di Kampung Naga sedengkeun dina ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun medar leuwih jero ngeunaan kumaha prosés pewarisan di kulawarga masarakat Kampung Naga dina nuwuhkeun ajén-ajén réligi ka barudakna, nepi ka maranéhna mampu ngalaksanakeun jeung turut kana sakabéh aturan nu diamanatkeun ku karuhunna.

Sabab-musabab, pangna panalungtik nalungtik Sistem Pendidikan Réligi Masarakat Kampung Naga lantaran dina adat-istiadat jeung kapercayaan masarakat Kampung Naga miboga ajén-inajén anu kalintang jerona. Tur ka hareupna sangkan bisa dilarapkeun dina kahirupan sapopoé.

Poko masalahna lantaran masarakat utamana kolot ayeuna salaku lingkungan awal pikeun ngajarkeun budakna geus teu merhatikeun deui budakna sangkan tetep aya dina ajaran nu saluyu jeung adat-istiadat kapercayaan di masarakatna, antukna adat-istiadat jeung kapercayaan ieu bisa waé sawaktu-waktu leungit.

Ku kituna, diayakeun panalungtikan anu judulna “*Sistem Pendidikan Réligi Masarakat Kampung Naga pikeun Alternatif Bahan Pangajaran Maca di SMA*”.

1.2 Watesan jeung Rumusan Masalah

1.2.1 Watesan Masalah

Luyu jeung judul panalungtikan, nya éta “*Sistem Pendidikan Réligi Masarakat Kampung Naga pikeun Alternatif Bahan Pangajaran Maca di SMA*” jeung dumasar kana kasang tukang nu diébréhkeun di luhur. Masalah nu ditalungtik leuwih museur kana kumaha tarékah ngawariskeun nilai-nilai réligi ngaliwatan pendidikan kulawarga di masarakat Kampung Naga.

1.2.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana pedaran di luhur, ieu masalah dirumuskeun dina wangun patalékan di handap, di antarana:

- 1) kumaha dilaksanakeunana saréat Islam di masarakat Kampung Naga?
- 2) kumaha sistem pendidikan réligi di kulawarga masarakat Kampung Naga?
- 3) kumaha prosés ngawariskeun ajén-inajén réligi di masarakat Kampung Naga?
- 4) bahan pangajaran nu kumaha anu cocog dipaké di SMA ngeunaan sistem pendidikan réligi di masarakat Kampung Naga?

1.3 Tujuan Panalungtikan

1.3.1 Tujuan Umum

Sacara umum panalungtikan ieu miboga tujuan pikeun ngadéskripsikeun, nganalisis, jeung manggihan prosés pewarisan nilai-nilai réligi masarakat Kampung Naga. Panalungtikan ieu ogé miboga tujuan pikeun mekarkeun rasa kareueus kana budaya, hususna ngeunaan budaya lokal di Kampung Naga jeung konsép pewarisan nilai-nilai réligi di masarakat Kampung Naga.

1.3.2 Tujuan Husus

Sacara husus panalungtikan ieu miboga tujuan pikeun ngadéskripsikeun:

- 1) kahirupan masarakat Kampung Naga dina ngalaksanakeun saréat Islam;
- 2) sistem pendidikan réligi di kulawarga masarakat Kampung Naga;

Agung Setiana, 2014

Sistem Pendidikan Réligi Masarakat Kampung Naga Pikeun Alternatif Bahan Pangajaran Maca Di SMA

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

- 3) prosés pewarisan ajén-ajén réligi masarakat kampung Naga;
- 4) rarancang bahan pangajaran maca di SMA ngeunaan sistem pendidikan réligi di masarakat Kampung Naga.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Kuayana panalungtikan ieu dipiharep bisa ngeuyeuban leuwih jero deui ngeunaan kumaha prosés pewarisan sistem pendidikan réligi masarakat Kampung Naga méh bisa méré wawasan atawa gambaran nu leuwih jelas ngeunaan téori kabudayaan jeung unsur-unsur budaya.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Dipiharep ieu panalungtikan, bisa méré mangpaat hususna pikeun panyusun, masarakat, lembaga, sarta pihak-pihak nu milu ngeuyeuban langsung kana panalungtikan ieu, diantarana saperti kieu.

- 1) Bisa ngamotivasi masarakat Sunda hususna méh bisa ngamumulé jeung ngajaga kana Kaarifan Budaya Lokal.
- 2) Bisa méré gambaran ngeunaan sistem pendidikan réligi masarakat Kampung Naga nu kahareupna bisa dijadikeun acuan atawa référénsi dina ngajaga kabudayaan.
- 3) Bisa méré kasadaran kana pentingna budaya nu dipimilik ku unggal daérah, nu miboga khazanah budaya nu mangrupa titinggal karuhun urang.

1.5 Anggapan Dasar

Anggapan dasar mangrupa tatapakan dina mikir pikeun ngaréngsékeun masalah anu ditalungtik. Anggapan dasar nu jadi acuan penulisan ieu proposal diantarana saperti kieu.

- 1) Sistem pendidikan réligi mangrupa salah sahiji unsur kabudayaan,

- 2) Masyarakat Kampung Naga masih nyekel pageuh kana adat jeung budaya tradisi titinggal karuhun,
- 3) Peran kulawarga gedé pangaruhna kana pewarisan budaya, utamana sistem pendidikan réligi masyarakat Kampung Naga,
- 4) Masyarakat Kampung Naga miboga sistem atawa carana sorangan dina ngadidik ngeunaan élmu kaagamaan, jeung
- 5) Hasil tina pangaweruh ngeunaan réligi nu diwariskeun ku kulawargana bisa méré wawasan ngeunaan nilai-nilai jeung norma.

1.6 Raraga Nulis

Hasil ahir dina ieu panalungtikan satuluyna dijieun hiji laporan dina wangun skripsi. Raraga nulisna kabagi jadi lima bab, nya éta:

Bab I bubuka: eusina ngawengku kasang tukang, watesan masalah jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, anggapan dasar, jeung raraga nulis.

Bab II tatapakan tiori: eusina ngawengku kabudayaan, wangenan budaya, wujud budaya, sistem budaya, pranata budaya, unsur-unsur budaya, pendidikan, wangenan pendidikan, hakékat pendidikan, pendidikan réligi, ajén réligi jeung bahan pangajaran maca, wangenan bahan pangajaran, tujuan pangajaran, kriteria milih bahan pangajaran, nyusun bahan pangajaran, métode jeung tehnik pangajaran, SKKD pangajaran Basa jeung sastra Sunda, standar kompetensi lulusan, SKKD SMA/SMK/MA kelas XII, wangenan maca, pangajaran maca, watesan maca, tujuan maca, wanda maca jeung kamampuh maca.

Bab III métodologi panalungtikan: eusina ngawengku sumber panalungtikan, desain panalungtikan, métode panalungtikan, wangenan operasional, instrumén panalungtikan, téhnik panalungtikan, jeung sumber data.

Bab IV ngadéskripsikeun hasil panalungtikan: eusina ngawengku kahirupan masyarakat Kampung Naga dina ngalaksanakeun saréat Islam, sistem pendidikan réligi

di kulawarga masarakat Kampung Naga, prosés pewarisan nilai-nilai réligi masarakat kampung Naga jeung rarancang bahan pangajaran maca di SMA ngeunaan sistem pendidikan réligi di masarakat Kampung Naga..

Bab V kacindekan jeung saran: eusina nyindekkeun hasil panalungtikan jeung saran pikeun panalungtikan satuluyna.

